Kisa ki Konje Peye Fanmi ak Maladi (PFML)?

PFML se yon pwogram Commonwealth ki fèt pou bay anplwaye Massachusetts resous yo pou jere pwòp pwoblèm sante grav yo, pwoblèm sante grav yon manm fanmi, zafè yon manm fanmi ki an sèvis aktif nan lame oswa pou devlope lyen ak yon timoun.

Pifò anplwayè Massachusetts yo dwe patisipe nan plan PFML Eta a oswa nan yon plan prive ekivalan. Si ou kalifye, ou ka resevwa benefis pou jiska 26 semèn (konje fanmi ak medikal konbine) nan yon ane benefis. Benefis PFML yo finanse pa kontribisyon yo dedui nan chak dola salè yon anplwaye ki kouvri pa pwogram lan touche.

Èske mwen elijib pou PFML?

Lalwa PFML pwoteje w si ou:

- ✓ Ou gen yon rezon valab, pa egzanp yon pwoblèm sante grav ki anpeche w travay.
- ✓ Ou travay nan Massachusetts oswa pou Commonwealth nan Massachusetts oswa ajans li yo. Sa enkli anplwaye k ap travay nan Massachusetts, menm si patwon an sitiye nan yon lòt eta oswa nan yon lòt peyi.
- ✓ Ou se yon travayè endepandan ki resevwa yon fòm taks 1099-MISC nan men yon konpayi ki bay fòm taks 1099-MISC a plis pase 50% nan mendèv l.
- ✓ Ou se yon ansyen anplwaye ki te nan chomaj pou 26 semèn oswa mwens.
- ✓ Si ou te touche omwen $6,300 (an 2025) oswa $6,300 (an 2026) pandan kat dènye trimès kalandriye yo, ak omwen 30 fwa plis pase kantite benefis ou gen dwa chak semèn, ou satisfè kritè yo. Sèvi ak kalkilatris nou an pou w konnen si w satisfè kondisyon salè PFML yo.
- ✓ Anplwayè w la pa gen yon plan konje prive peye DFML apwouve ki bay avantaj ki egal oswa ki pi gran pase kouvèti leta a.
- ✓ Kalite travay ou a pa egzante dapre Lwa PFML a, men ou ka garanti si patwon w ki egzante te chwazi nan pwogram PFML la, oswa si ou te chwazi nan pwogram sa a kòm yon moun ki travay endepandan.

Si w se yon travayè endepandan oswa yon kontraktè 1099-MISC pou yon konpayi ki pa kouvri kontraktè pou PFML paske anplwaye 1099-MISC yo reprezante mwens pase 50% mendèv konpayi an, ou ka chwazi rantre nan pwogram PFML. Pou plis enfòmasyon, klike isit la.

Kontinye pou jwenn plis enfòmasyon >

Ki diferan kalite konje ki genyen?

Kreye lyen pou okipe timoun
(Konje fanmi pou 12 semèn)
Konje pou devlope lyen ak pitit moun ki kouvri a:

- Premye 12 mwa apre nesans timoun nan
- Premye 12 mwa apre plasman timoun nan pou adopsyon oswa plasman nan yon fanmi adoptif.

Pran swen yon manm fanmi
(Konje fanmi pou 12 semèn)
Konje pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav.

Maladi
(Konje maladi jiska 20 semèn)
Konje pou pran swen pwòp kondisyon medikal grav ou.

Sèvis Aktif nan Lame
(Konje maladi jiska 26 semèn)
Konje pou:

- Jere zafè yon manm fanmi ki nan sèvis aktif oswa ki te te resevwa yon lòd pou rantre nan sèvis aktif nan fòs lame yo
- Pran swen yon manm fanmi ki se yon manm sèvis ki garanti epi ki te blese pandan li te nan sèvis aktif

Kalandriye Konje

Lè w pran PFML, ou ka chwazi twa (3) diferan kalandriye konje. Ou ka chanje kalite konje w vle a si bezwen w yo chanje.

Konje Kontinyèl:
Yon sèl kou, yon peryòd jou konje konsekitif san enteripsyon

Konje Redui:
Yon orè ki konsistan men ki redui, ki gen mwen èdtan sou plizyè semèn

Konje Tanporè:
Konje ki pran sou plizyè kou, ki kapab iregilye oswa pa planifye

Prepare pou aplikasyon an

As Pandan pwosesis aplikasyon an, y ap mande w bay:

- Dat ou te avize anplwayè a ke w te bezwen pran konje
- Prèv Idantite
- Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Taks Anplwayè Endividyèl (ITIN)
- Rezon ki fè w ap mande konje
- Si sa aplikab, enfòmasyon founisè swen sante w la te ba w konsènan pwoblèm sante grav oumenm oswa manm fanmi w lan genyen
- Nimewo Idantifikasyon Anplwaye Federal
- Dat w ap planifye pran konje a, oswa lè konje a te kòmanse
- Enfòmasyon kont bank ou

Annou kòmanse:
Kreye yon kont PMFL